



Pou Piblikasyon Imedya: 27/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SÒTI MIZAJOU SOU NOUVO CORONAVIRUS LA PASKE GEN DE NOUYÒKÈ ANPLIS KI IDANTIFYE POU TÈS, SA KI BAY YON TOTAL NÈF**

*Yo jwenn echantiyon nan kat ki negatif nan CDC, gen senk rezilta ki annatant*

*Pa gen ka ke yo konfime nan Eta New York*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon mizajou sou sitiyasyon tès pou Nouvo Coronavirus la nan Eta New York, apre Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi (US Centers for Disease Control and Prevention, CDC) te konfime senk ka nan Etazini.

"Pandan pa gen okenn ka ki te konfime nan Eta New York, rive nan dat jodi a Depatman Sante nou an te voye echantiyon bay nèf moun pou CDC fè tès; kat echantiyon sa yo te sòti negatif epi gen senk rezilta annatant", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Senk moun sa yo rete nan izòlman piske echantiyon yo a ap teste nan CDC. Pandan risk pou Nouyòkè yo aktyèlman ba, n ap kontinye travay pou kenbe tout moun enfòme, prepare ak san danje."

Pou jwenn plis enfòmasyon sou entèvansyon kontinyèl Eta New York pou Nouvo Coronavirus la, gade: <https://www.governor.ny.gov/news/governor-cuomo-announces-states-continued-response-novel-coronavirus-three-more-individuals-are>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)